

Nimba wahuye n'umuntu yanduye COVID-19

Utegerezwa kuja mukato nimba warahuye n'umuntu yanduye COVID-19 ibi bisigura ko wari wegereye uwanduye COVID-19 igihe uwo muntu yashobora kwandukiza.

Mugihe co mukato, utegerezwa kuguma muhira no kwirinda kwegera abandi uko bishoboka kwose. Ntukaje kw'ishure, ku kazi, mu bikorwa bitari nkenerwa cane, mu bikorwa vy'amadini, amakoraniro yo mu muryango canke ibindi bikorwa gushika ubwiherero bwawe buheze.

Urashobora kurangiza gushirwa mu kato:



Inyuma y'iminsi 10 kuva uhuye n'uwanduye nimba utipimishije. Hamwe ata bimenyetso vya COVID-19 ufise, urashobora guheza umwiherero w'iminsi 10 kuva ku musi uheruka wegereye umuntu urupimwo rwerekana ko agwaye.



Inyuma y'iminsi 7 uhuye n'uwanduye nimba ibipimo atangwara vyerekanye. Urashobora kwipimisha ku musi w'7 w'umwiherero wawe. Urashobora guheza umwiherero hamwe urupimo rwawe rwerekana ko utarwaye kandi ata bimenyetso ufise vya COVID-19. Utegerezwa kurindira n'imiburiburi iminsi 7 nyuma yo kwegera umurwayi kugira wipimishye. Bituma virusi ihagije yiyegeranya mu mubiri wawe bigatuma iboneka mu bipimo. Igipimo gishobora kuba PCR canke igipimo cihuta c' ubwirinzi. Utegerezwa gukomeza kwishira mu kato gushika uronse inyishu z'ibipimo.

Aya mabwirizwa ntaraba abantu bamaze kuronka incanco zose canke ababana n'abanduye COVID-19.

- Nimba warahawe incanco zose si ngombwa kuja mu kato inyuma yo guhura n'uwanduye COVID-19. Rondera uwutanga incanco akwegereye kuri coronavirus.utah.gov/vaccine.
- Utegerezwa kuja mu kato igihe c'iminsi 10 nimba ubana n'uwanduye COVID-19, naho woba udafise ibimenyetso canke warapimwe ugasanga utarwaye.

Genzura ibimenyetso kugeza haheze iminsi 14 nyuma yo guhura n'uwanduye. Ja mu kato kandi wipimishye ubwo nyene COVID-19 nimba ugwaye canke ugize ibimenyetso vya COVID-19 mugihe uri mu kato.

Ibimenyetso vya COVID-19



Ubushuhe

(Ubushuhe bwa 100.4°F canke 38°C canke hejuru canke wumva ufise ubushuhe)



Inkorora



Kubura impwemu



Kugabanuka ko kwumva ibimota canke kuryoherwa



Kubabara mu muhogo



Kubabara mu mitsi

Ibindi bimenyetso rusangi vya COVID-19 vyoboneka kuri www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/symptoms-testing/symptoms.html.